



## **RÈGLEMAN ENTÈN MANB KOMITE**

### **Atik 1- Definisyon Manb Komite.**

**1.1- Manb Komite Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO), se Gason ak Fanm** ki rejwenn premye inisyatè lide a. Se manb ki pataje, makònen epi aksepte filozofi pwomotè lide a ap fè pwomosyon pou li a.

**1.2- Tout manb sa yo ki vini manb Komite Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** genyen dwa pou **Administre** ak pran tout gwo desizyon depi se pou bon mach **Estrikti** a. Nan sans sa a, **Manb Komite** yo se fanmi, ak zanmi, ki rejwenn pwomotè lide a pou **Dirije** premye pi gwo **Estrikti Ekonomi Solidarite** an.

### **Atik 2- Kritè Pou Vini Manb Komite.**

Men kritè pou ranpli avan pou vini manb komite **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ki se:

- Fòk manb komite a genyen **Ven (20) Lanne** minimòm pou rive **Swasanndis (70) Lanne** maksimòm.
- Fòk manb komite a aksepte itilize kont bank li pou fè tranzaksyon sou **Platfòm Elektwonik** yo pou nenpòt manb ki nan **Estrikti** a.
- Fòk manb komite a aksepte fè foto transaksyon yo epi voye yo nan **Fowòm Komite** a si se sou **Platfòm Elektwonik** yo sa fèt.
- Fòk manb komite a aksepte pou fè manb ki ap bay **Lajan Cash** la oubyen resevwa **Lajan Cash** siyen fòm **Elektwonik** la.
- Fòk manb komite a aksepte resevwa **Lajan Cash** nan men lòt manb ki rete tou prè li oubyen bay **Lajan Cash** ak lòt manb tou si sa nesesè.
- Fòk manb komite a aksepte pou li bay **1%** nan total montan pèman li ap resevwa nan men **Administrasyon** an pou ranfòsman ak avansman **Estrikti** a.
- Fòk manb komite a aksepte pou li resevwa total montan pèman li a nan finisman peryòd **ESHO** a.
- Fòk manb komite a aksepte genyen **1% Sou Montan Transaksyon Elektwonik** ki pase sou kont bank li pandan semèn nan.
- Fòk manb komite a aksepte pou li pa itilize **Lajan Kotizasyon Manb** yo ki nan men li sou kèlkeswa fòm li ye a kòm lajan pèsònèl li.
- Fòk manb komite a chwazi youn nan **Plan** sa yo ki se **Plan Basic, Plan Premium, Plan Business**.
- Fòk manb komite a aksepte pou ranpli **Fòm Enskripsyon** an ak siyen **Deklarasyon Dangajman** an.
- Fòk manb komite a aksepte siyen **Règleman Entèn** nan epi respekte **Angajman** li nan **Estrikti** a.

### Atik 3- Reprezantasyon Komite Ekonomi Solidarite.

**Komite Jesyon Ekonomi Solidarite** ki genyen pou sig (**KOJESO**), se yon **Estrikti** ki nan **Ekonomi Solidarite** an ki pote non: **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)**. Se **Komite** sa a ki la pou **Dirije** ak **Administre** tout kesyon ki konsène **Ekonomi Solidarite** an ki genyen pou reyini, diskite ak debat tout dosye ki pote sou objektif **Estrikti** a ap pousuiv lòske yo genyen konvokasyon ki soti nan mitan **Manb Fondatè** yo.

### Atik 4- Konpozisyon Manb Komite.

**Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ap jere pa mwayen yon **Komite** ki genyen non **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)**. Epi ki ap administre ak yon **Komite** ki genyen **Senk (5) Manb** ladan li ki se:

- **Prezidan.**
- **Sekretè Jeneral.**
- **Responsab Trezò.**
- **Pòt Pawòl.**
- **Konseye Jeneral.**

### Atik 5- Kategori Manb Fondatè.

**Kategori Manb Fondatè (Board)** la ki nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** genyen **Dwa Veto**. **Manb Fondatè** sa yo ap genyen pou diskite ak pran desizyon nan reyinyon **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ap genyen pou planifye. Sepandan, **Manb Fondatè** sa yo kapab kase tout desizyon ki pa kadre ak **objektif, Vizyon, Misyon Ekonomi Solidarite** an. Epi **Manb Fondatè** sa yo tou kapab mande ak **KOJESO** bon jan eksplikasyon sou fonksyonman **Ekonomi Solidarite** an.

### Atik 6- Atribisyon Manb Komite.

Manb **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** genyen pou atribisyon:

- Planifye rankont anyèl pou tout manb **Ekonomi Solidarite** an.
- Elabore bidjè masyèl ak anyèl **Estrikti** a pa mwayen kotizasyon manb yo.
- Resevwa montan kotizasyon manb yo chak fwa lè dat tranzaksyon an rive.
- Distribiye montan kotizasyon manb yo chak fwa lè dat pèman yon manb rive .
- Retire penalite lè genyen reta ak dediksyon taks pou avansman ak ranfòsman enstitisyonèl.
- Prezante rapò sou kolèk kotizasyon manb yo pou rankont anyèl **Ekonomi Solidarite** an.
- Planifye ak pwograme gwo desizyon estratejik pou avansman **Estrikti** a.
- Veye sou bon fonksyonman **Estrikti** a pa rapò ak **Estat** epi **Règleman Entèn** yo
- Resevwa dosye kandida yo ak evalyasyon yo pou entegre yo nan **Estrikti** a.
- Resevwa deleyans, kont randi, sigjesyon ak rekòmandasyon manb yo nan **Estrikti** a.
- Nome manb nan **Komisyon** si sa nesèsè ak lòt manb nan **Estrikti** a lè genyen pòs ki vid.
- Aplike disiplin ak sanksyon sou tout manb ki fotif nan **Estrikti** a.
- Amande **Règleman Entèn Estrikti** a sou demand moajorite manb yo.

## **Atik 7- Fonksyon Manb Komite.**

### **A- Prezidan.**

- Konvoke reyinyon pou planifye aktivite anyèl ak bidjè **Estrikti** a.
- Anime reyinyon **KOJESO** ak delibere sou desizyon **Komite** a ap pran.
- Otorize depans sou lajan kotizasyon manb **Estrikti** a.
- Otorize entegrasyon nouvo manb nan **Estrikti** a.
- Siyen pwosè vèbal reyinyon ak tout dosye administrasyon **KOJESO**.

### **B- Sekretè Jeneral.**

- Asiste **Prezidan** an nan reyinyon li yo kòm manb ki ap distribye la pawòl.
- Redije pwosè vèbal reyinyon **Òdinè** oubyen **Ekstrawòdinè** yo.
- Resevwa dosye nouvo manb ak kominike yo bay **Prezidan** an.
- Fè mesaj rapèl ak tout manb yo epi sou dwa kotizasyon manb yo.
- Konsève tout achiv **KOJESO** genyen nan **Estrikti** a.
- Siyen ak **Prezidan** an pwosè vèbal reyinyon **Òdinè** oubyen **Ekstrawòdinè** yo ak tout dosye administratif **KOJESO**.

### **C- Responsab Trezò.**

- Prepare kalandriye kotizasyon mansyèl ak anyèl manb **Estrikti** a.
- Prepare bidjè rankont anyèl manb **Estrikti** a.
- Resevwa montan kotizasyon ak don manb yo nan **Estrikti** a.
- Dediksyon taks obligatwa ak penalite sou reta pèman kotizasyon manb yo nan **Estrikti** a.
- Prezante rapò kotizasyon mansyèl manb yo ak rapò depans rankont anyèl **Estrikti** a.
- Siyen avèk **Prezidan** an rapò depans mansyèl ak anyèl **Estrikti** a.

### **D- Pòt Pawòl.**

- Reprézante **Prezidan** an ak **Sekretè Jeneral** la pou pote mesaj nan bouch oubyen ekri.
- Asiste **Sekretè Jeneral** la nan divès fòm kominikasyon li yo.
- Pran la pawòl piblik nan non **KOJESO**.
- Dirije la pawòl tankou mèt seremoni lè genyen rankont anyèl nan **Estrikti** a.

### **E- Konseye Jeneral**

- Bay konsèy sou tout desizyon **KOJESO** ap pran nan non **Estrikti** a.
- Veye sou bon jesyon **KOJESO** epi fè rekòmandasyon sou fay li wè ki genyen.
- Jwe wòl abit lè genyen bouch louvri nan mitan manb **KOJESO** yo ak rès manb yo nan **Estrikti** a.

## **Atik 8- Dwa Prezidan An Nan Konvokasyon Ak Moderasyon Reyinyon.**

**8.1-** Kèlkeswa reyinyon ki ap fèt swa **Òdinè** oubyen **Ekstrawòdinè**, epi sou kèlkeswa fòm li ap fèt la tankou fizikman, apèl konferans ak apèl videyo, se **Prezidan** an ki ap genyen dwa pou li fè konvokasyon ak tout manb **KOJESO** yo ak lòt **Estrikti Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESH0)**. Epi se **Prezidan** ankò ki ap genyen dwa pou li fè moderasyon reyinyon an.

**8.2-** Sepandan, nan ka **Prezidan** an ta genyen yon anpechman, se **Konseye Jeneral** la ki ap genyen dwa pou li jwe wòl **Prezidan** an genyen nan konvokasyon ak moderasyon reyinyon an.

**8.3-** Konsa tou, kit se **Prezidan** an kit se **Konsej Jeneral** la ki te fè konvokasyon an, youn nan yo kapab mande nenpòt **Manb** pou jwe wòl moderatè nan reyinyon an pou pèmèt patisipasyon anplis chak manb nan jesyon tan rankont yo ak tan lapawòl.

#### **Atik 9- Reyinyon Manb Komite Ak Desizyon.**

Tout manb **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** yo dwe prezan nan tout reyinyon ki ap fèt swa **Òdinè** oubyen **Ekstrawòdinè**, epi kèlkeswa fòm li ap fèt la, tankou; fizikman, apèl konferans ak apèl videyo. Si toutfw a genyen yon **Manb Komite** ki pap ka prezan nan yon reyinyon, **Manb Komite** a dwe fè **Prezidan** an konnen sa davans oubyen **Sekretè Jeneral** la. Nan ka kontrè, **Manb Komite** ki prezan yo ap pran tout desizyon pou avansman **Estrikti** a.

#### **Atik 10- Respè Règleman Entèn Nan Desizyon Manb Komite.**

Kèlkeswa desizyon majorite manb **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ap pran, fòk desizyon sa a pa vyole youn nan atik ki nan **Règleman Entèn Ekonomi Solidarite** an. Si desizyon an ta rive vyole **Prensip Fondamantal Règleman Entèn** yo, desizyon sa a, menm si se majorite **Manb Komite** yo ki pran li ebyen desizyon sa a pap valab.

#### **Atik 11- Delè Pou Konvokasyon Manb Komite.**

Tout konvokasyon pou reyinyon **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ap fèt **Vennkat (24) èd Tan** alavans. Sepandan, si ta genyen yon ijans nan **Estrikti** a, nan ka sa a, **Prezidan** an ap genyen dwa pou li konvoke tout **Manb Komite** yo san li pa teni kont ni jou ak lè li ye a.

#### **Atik 12- Desizyon Pou Yon Manb Komite Ki Abandone.**

Si nan yon reyinyon **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ta genyen pou yo pran yon desizyon pou bon mach **Ekonomi Solidarite** an, ta genyen yon **Manb Komite** a oubyen plizyè **Manb Komite** a ki ta decide kite reyinyon an pou kèlkeswa rezon an, san reyinyon an poko fini, lè sa a, lòt **Manb Komite** ki rete yo ap genyen dwa pou yo pran kèlkeswa desizyon an menm si yo pa majorite depi se pou avansman **Ekonomi Solidarite** an epi depi li kadre ak **Estati Estrikti** a.

#### **Atik 13- Respè Pou Desizyon Majorite Manb Komite.**

Tout manb **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** dwe respekte desizyon majorite **Manb Komite** yo pran depi desizyon sa pa kontrè ak objektif, filozofi, misyon epi vizyon **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ap defann.

#### **Atik 14- Kowòm Pou Manb Komite Pran Desizyon.**

Tout gwo desizyon manb **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ap genyen pou yo pran pou avansman **Estrikti** a, **Manb Komite** yo dwe pran li nan yon reyinyon epi reyinyon sa a dwe genyen majorite **Manb Komite** ladann. Nan ka pa ta genyen majorite **Manb Komite** ki prezan nan reyinyon an, Lè sa a, lòt **Manb Komite** yo ki prezan pap kapab pran okenn gwo desizyon.

#### **Atik 15- Obligasyon Respè Youn Pou Lòt.**

Respè youn pou lòt se yon obligasyon nan mitan tout **Manb Komite** yo, menm jan sa ekri nan atik yo ki nan **Estati Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**.

## **Atik 16- Frekans Reyinyon ak Sanksyon.**

**Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ap genyen pou li reyini **Youn (1) Fwa** chak fwa genyen yon manb ki ap resevwa total montan kotizasyon li. Konvokasyon sa ap fèt **Karantuit (48) èd Tan** davans pou tout **Manb Komite** yo sou platfòm vityèl yo pa yon mesaj oubyen yon nòt ki pote siyati **Sekretè Jeneral KOJESO** an, sou jou ak lè reyinyon sa ap fèt, dire reyinyon sa a pa dwe depase **De (2) èd Tan**. Men pou sa ki konsène rankont anyèl la, reyinyon sa a kapab fèt nenpòt lè sou konvokasyon **Prezidan KOJESO** an, dire reyinyon sa ak objektif li ap presize nan nòt konvokasyon an.

## **Atik 17- Sanksyon Pou Manb Komite ki Abandone.**

Kèlkeswa manb **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ki nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**, pa genyen dwa pase **Youn (1) Mwa** san **Manb Komite** a pa patisite nan reyinyon ak aktivite yo pou kèlkeswa rezon an, Sinon, **Manb Komite** a ap vini yon **Manb Inaktif**. Lè sa a **Manb Komite** a dwe remèt tout sa ki nan men li si li genyen epi fasilite tout chanjman yo pou avansman **Estrikti** a.

## **Atik 18- Radyasyon San Reklamasyon.**

Kèlkeswa **Manb Komite** a ki ta soti nan **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** pou kèlkeswa rezon an **Manb Komite** a pap kapab fè okenn reklamasyon. Epi pa bliye, tout sa yon **Manb Komite** bay nan **Estrikti** a sou kèlkeswa fòm li ye a se **Don** li ye, kidonk okenn **Manb Komite** pa genyen dwa: **Vann Li, Fè Kado Li, Prete Li, Twoke Li, Pran Li, Kraze Li, Boule Li, Ni Mete Li Nan Plàn/Brikabrak Elatriye.**

## **Atik 19- Pwosedi Pou Yon Manb Komite Demisyone.**

Si yon **Manb Komite**, ta deside demisyone nan **Komite** a, pou pwòp rezon pa li epi san okenn lòt **Manb Komite** a pa ni fòse li ni mande li demisyone, **Manb Komite** a genyen yon fason pou li fè sa.

- Tou dabò, **Manb Komite** a dwe konsilte **Referans** li a ki te pèmèt entegrasyon li nan **Estrikti** a pou diskite avèk li sou sa.
- Aprè sa, **Manb Komite** a ap genyen pou li konsilte tout lòt **Manb KOJESO** an, pou diskite sou motif ak kontrent li genyen ki fè li oblije demisyone.
- Se aprè li fini konsilte ak diskite avèk tout **Manb** yo, ebyen lè sa **Manb Komite** ki vle demisyone a ap genyen posiblite pou ekri lèt demiyon li a ki ap adrese ak **KOJESO**.
- Aprè sa manb la dwe remèt tout **Lajan, Dosye, Materyèl** ak **Ekipman** ki te nan men li yo epi bay yon ti tan pou pèmèt lòt **Manb** ki ap ranplase manb la genyen konesans sou dosye li te trete yo epi genyen achiv sa yo pou travay la kapab kontinye.

## **Atik 20- Byen Materyèl Ak Imateryèl.**

Tout byen **Materyèl** ak **Imateryèl** dwe disponib pou tout manb **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** nan kad travay yo. Sepandan, tout byen **Materyèl** ak **Imateryèl Estrikti** a pa dwe itilize pou afè pèsonèl kèlkeswa **Manb Komite** li ye a.

### **Atik 21- Konfidansyalite Nan Pataj Enfòmasyon.**

Si ta genyen yon **Manb Komite** a pou yon rezon oubyen pou yon lòt ki ta deside pataje enfòmasyon pèsònèl **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ak yon lòt manb oubyen plizyè lòt manb ki pa genyen otorizasyon pou sa, epi ki pa fè pati nonplis **Estriti** a. Ebyen lè sa tout lòt **Manb Komite** yo ap pran sanksyon kont manb la.

### **Atik 22- Amandman Règleman Entèn Manb Komite.**

**Règleman Entèn Manb Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** kapab modifiye chak **Youn (1) Lanne** si sa nesèsè, men fòk majorite **Manb Komite** yo aksepte pou sa posib. Sepandan, li ap kapab modifiye tou nenpòt moman nan peryòd sa, men fòk tout **Manb Komite** yo aksepte pou sa posib.

### **Atik 23- Respè Règleman Entèn Manb Komite.**

Tout manb **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** genyen pou obligasyon pou yo aplike, respekte epi fè aplike, respekte **Règleman Entèn Manb Komite** a.

### **Atik 24- Delè Pou Siyati Règleman Entèn ak Sanksyon.**

Après siyati **Règleman Entèn Manb Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** tout **Manb Komite** a dwe respekte epi fè respekte akò yo fini siyen an, Sinon, **Manb Komite** a ap genyen yon delè **Twa (3) Jou** fran pou li deside. Si delè sa a pase, **Manb Komite** a pap kapab fè pati **KOJESO** an ankò.

**Mwen** menm \_\_\_\_\_ **Mwen** li, **Mwen** komprann, **Mwen** aksepte epi **Mwen** siyen paske mwen dakò ak tout atik san manke yon yota ki nan **Règleman Entèn Manb Komite Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** pou mete yo an aplikasyon epi koube **Mwen** anba sanksyon yo chak fwa **Mwen** vyole youn ladan yo.

**Fèt Nan Dat 12 Desanm 2022**

**Dat** \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_

---

**Siyati Manb Komite ESHO**